# 2014.10.17 №272

Жойбар

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕНЕСИНИҢ ҚАРАРЫ**

**Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 11-октябрьдеги «Юридикалық шахслардың атлары ҳәм белгилеринде мәмлекеттиң рәсмий атамасынан пайдаланыўды тәртипке салыў ис-илажлары ҳаққында»ғы 286-санлы қарары ҳаққында**

Өзбекистан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 46-статьясына, Өзбекистан Республикасы “Фирма атамалары ҳаққында”ғы Нызамына муўапық, сондай-ақ юридикалық шахслардың атларын тәртипке салыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси **қ** арар етеди:

1. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл
11-октябрьдеги «Юридикалық шахслардың атлары ҳәм белгилеринде мәмлекеттиң рәсмий атамасынан пайдаланыўды тәртипке салыў ис-илажлары ҳаққында»ғы
286-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң усы қарары менен:

а) “Өзбекистан Республикасы” ҳәм “Өзбекистан” рәсмий атамаларынан, сондай-ақ олардан дөренди сөзлерден төмендегилер өз атамалары ҳәм белгилеринде пайдаланыў ҳуқықына ийе:

Өзбекистан Республикасы нызамларына, Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси палаталарының қарарларына, Өзбекистан Республикасы Президенти ҳәм Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарларына муўапық шөлкемлестирилетуғын яки искерлигин шөлкемлестириўди әмелге асыратуғын юридикалық шахслар, егер олардың атамалары тийисли ҳүжжетлерде туўрыдан-туўры нәзерде тутылған болса;

Мәмлекетлик органлар ҳәм республика әҳмийетиндеги шөлкемлер тәрепинен шөлкемлестирилетуғын мәмлекетлик унитар кәрханалары ҳәм мәмлекетлик мәкемелери;

устав фондында (устав капиталында) мәмлекетлик үлеси 50 пайыздан артық болған хожалық жәмийетлери;

юридикалық шахслар республика әҳмийетине ийе болған бирлеспелери;

республика мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери, сондай-ақ атамаларында бас шөлкемниң толық аты көрсетилетуғын олардың арнаўлы бөлимлери;

мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў органлары,  жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органларының Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлигине усынылған мүрәжәтлары тийкарында сырт ел инвестициялар қатнасыўындағы кәрханалар;

усы бәнт талаплары мәмлекеттиң басқа тиллердеги рәсмий атамасынан пайдаланыўға ҳәм енгизилиўи  **белгиленгенлиги;**

б) Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлигине, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери, районлар (қалалар) ҳәкимликлери:

Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик статистика комитети менен биргеликте 2018-жыл 1-январға шекем болған мүддетте нызам хүжжетлеринде белгиленген тәртипте бирден-бир мәмлекетлик реестрине киргизилген юридикалық шахслардың атамаларын усы қарарға муўапықластырыў ис-илажларын көриў;

юридикалық шахсларды ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң белгилерин дизимге алыўда усы қарар талапларына қатаң әмел қылыў тапсырылғанлығы;

в) дизимге алыўшы органлар басшыларына усы қарар талапларына сөзсиз әмел етилиўи ушын шахсый жуўапкершилик жүкленгенлиги;

г) Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлигине мәпдар министрликлер ҳәм мәкемелер менен биргеликте еки ай мүддетте юридикалық шахслардың атына мәмлекеттиң рәсмий атамасын, сондай-ақ оннан дөренди сөзлерди қосыў тәртиби ҳаққындағы көрсетпени ислеп шығыў ҳәм белгиленген тәртипте тастыйықлаў тапсырылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги (Худайбергенов), Нөкис қаласы ҳәм районлар ҳәкимликлери, Қарақалпақстан Республикасы Статистика басқармасы (Омаров) пенен биргеликте **2018-жыл 1-январьға шекем болған мүддетте** нызам хүжжетлеринде белгиленген тәртипте бирден-бир мәмлекетлик реестрине киргизилген юридикалық шахслардың атамаларын усы қарарға муўапықластырыў ис-илажлары көрсин;

юридикалық шахсларды ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес  шөлкемлердиң белгилерин дизимге алыўда усы қарар талапларына қатаң әмел етилсин.

4. Дизимге алыўшы органлар басшыларына усы қарар талапларына сөзсиз әмел етилиўи ушын шахсый жуўапкершилик жүкленсин.

5. Қарақалпақстан Республикаси Статистика басқармасы (Омаров) тийисли мәпдар министрликлер ҳәм  мәкемелер менен биргеликте **бир ай мүддетте** Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлигинде юридикалық шахслардың атамаларына мәмлекеттиң рәсмий атамасын, сондай-ақ оннан дөренди сөзлерди қосыў тәртиби ҳаққындағы ислеп шығылатуғын көрсетпеге белгиленген тәртипте тийисли усынысларды киргизсин.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Мамутовқа жүклensin.

| | |
|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ниң Баслығы** | **Б.Янгибаев** |

Нөкис қаласы,

2014-жыл, 17-октябрь

№272

strong

/p

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- 
- 
- 

[Vazirlar Kengashi](#) [Statistik va tahliliy ma'lumotlar](#) [Vazirliklar va idoralar](#) [Shahar va tuman hokimliklari](#)